Tan Ak Siy Inyon An

Bonswa. Se yon privilèj pou m isi a aswè a, epi kanpe nan plas sa.

2 Mwen, maten an, pandan m t ap desann sou wout la . . . Mwen te mete m sou kote pou priye, ap tann Seyè a. E pandan m t ap desann sou wout la, mwen te limen radyo a sou emisyon yon—yon minis, Frè Smith, frè nwa a (èske nou tout te tande l maten an? Kiyès lan nou?) anwo la, mwen kwè se Ohio. Yon moun t ap pale m de li k ap preche, e l te di: "Ou dwe tande l," konsa.

3 Sa bay ke m te kapte l, maten an. E se sèten li t ap pale konsènan kijan peche t ap monte anpil nan mond lan jodi a, e li t ap . . . Epi m te vire on tijan pi lwen, yon estasyon de sa, e m te desann pi ba e m te tande yon lòt. Letan pou m te desann vin isit la, mwen te prè, pou wè si li pa t twò ta pou vin legliz, maten an lè m te antre a. Kifè, nou vrèman trè privilejye pou nou isi a aswè a, epi pou nou sèvi nan sèvis Seyè a.

4 E pandan m t ap pale de Frè Neville, ak mesaj lòt jou a, ak ti dam sa, sè nou an ki fèk kite nou an. Se te, nou tout konnen se te kimoun, se Sè Weaver. Epitou pandan m ap panse a on nonm la, ki te batize aswè a; li . . . mwen te batize l nan pisin sa lè mwen . . . yo te oblije mennen l isit la nan yon chèz woulant. Li t ap mouri, ak kansè, e li te gen jis nwit sa pou l viv; doktè yo te fin abandone l, li ta pral mouri nan demen maten. E m te antre lakay li pou eseye pale l avè l sou gerizon Divin, e li te jis ap plede repete, "mwen pa diy pou w vin anba kote m pare solèy." Li te di: "Mwen—mwen pa diy pou on minis anndan lakay mwen." Li te di: "Mwen se on pechè." Men li te di: "Mesye, mwen pa vle mouri konsa." E kifè Grace Weber, anwo la, te desann avè m la. M te jis antre, tou fatige apre reyinyon yo; e la a lè mwen t ap priye pou li, e ke m te li Lekriti pou li, e li te sove. Sètalò, li te apèn ka leve men l anlè, men li te vle bay tout moun lanmen. Li jis . . . gen yon bagay ki te rive l.

5 E pandan yo t ap bay lanmen, mwen te gen on vizyon de li ki te pral nan yon poulaye, ap retounen. Mwen te di: "Se bon, sa pral vin byen kounye a"; e sa fè dizuitan. E li te sote pran devan kansè sa, tout tan sa. Si l te mouri . . . Pat janm mouri ak okenn kansè, li te fè on kriz kadyak ki te touye l. Yo te mete l anba oksijèn; li te mouri ak yon kriz kadyak.

6 E apre sa mwen t ap panse, jis an dènye lè moun yo ta prale, epi yo te chante, *Apre Sa Jezi Te Vini.* Se egzakteman sa ki te rive, Li te vini e Li te sove lavi l pandan dizuit lane sa yo. E m te panse: "Ala byen tonbe." Fanm sa petèt pa t konnen li t ap fè sa konsa. Alò, ankò, petèt li te kapab. Men jis ala sa te byen tonbe pou te gen pati sa a la, *Apre Sa Jezi Te Vini.*

7 Bon sa se on tijan anvan, gwo plan m pou reyinyon yo, mwen—mwen espere. Mwen vin reyèlman sou tansyon. Maten an, mwen te sitèlman sou presyon, mwen te monte pou—pou priye. E mwen—mwen isi a, lakay mwen. Fanmi an, m te jis mennen yo Arizona, epi mwen. . . pou timoun yo al lekòl. E m retounen la jis pou—pou m on jan detann mwen, al lachas avèk Frè Wood ak on bann frè isi a; pou soti al lachas, semèn sa k ap vin la. N ap desann nan Kentucky. E mwen te. . . te nan. . . Sa jis bay mwen te vini jou ke—ke Madam Weaver te mouri a, epi se jis byen ke m te kapab isi a pou ede Frè Neville nan antèman sa.

8 E m pa eseye. . . Mwen pa eseye pou—pou m di twòp bagay sou sa, ou konnen, bò kot moun k ap plenyen. Paske, mwen kwè, youn nan bagay ki pi tèrib se wè yon—yon nonm oswa yon fanm k ap plenyen tout tan. Mwen te toujou panse: "Bondye, anpeche m fè sa." Wè, sa—sa febli lafwa tout tan, ou konnen. Ou jis—ou jis. . . si ou—si ou. . . mwen konnen ke pandan y ap pran laj, nou chak, nou pral gen on bagay ki rive epi on bagay rive. E mwen konnen ti bagay sa yo pral kontinye anpile, sa se pandan w ap pran laj, yo jis oblije. Men mwen kwè youn nan bagay ki pi tèrib, se lè Satan kouwonnen vi yon moun: yon vye granmoun gason oswa yon vye granmoun fi plenyadò, ou wè.M—m espere m p ap rive kote sa. M espere ke m kapab sipòte li, fado m yo, epi—epi rive yon kote ke. . . M vle lavi m kouwonnen avèk Glwa Bondye: pasyans Li, jantiyès, lapè, dousè, ak ranplisay Sentespri a.

9 Epitou mwen. . . youn nan bagay mwen ki pi enpòtan ki toujou fè m mal pandan tout vi mwen, se pwoblèm nèvozite. Ke lè mwen vrèman bouke, sètalò m vin reyèlman fatige. Mwen vin. . . on tijan santi w tankou pèsonn pa gen konsiderasyon pou ou, ou konnen, epi—epi ou vin tout. . . Nou konsa, tou. E sa bay ke mwen jis vrèman anvayi ak sa, ou konnen, e sa konn tounen reyèlman mal pafwa, e se apèn si mwen. . . Sa se tansyon, e se sa ki fè sa. E m rive nan yon pwen lè sa ke anpil fwa, espesyalman avèk pakèt vizyon sa yo, ou wè, sa jis pran mwen. Mwen gade yon moun, mwen panse: "Se yon vizyon. Non, non, non, se pa sa. Wi! Èske se pa sa?" Ou wè? E nou jis pa reyalize ki pri ki ale avèk sa. Kifè apre sa—kifè apre sa ou—ou ap mande w. Alò ou rive ap panse: "Ebyen, ou se. . . " Sètalò ou mete w sou kote e ou di, "Ebyen, bon, kisa—kisa m sot fè la? Men mwen, Mwen—Mwen gen senkantan e m pa reyalize anyen pou Seyè a; Epi mwen—mwen ap granmoun. E kisa. . . ? O la la." Apre sa ou jis gen. . . sa nou abitye rele "kagou." Kèk nan nou frè yo ki gen apeprè laj mwen nou sonje sa ke yo abitye rele "vin kagou." Papa te abitye pale de sa e m te konn ap mande m kisa l te vle di, e se sèten kounye a mwen konnen kisa l te vle di. Bon apre sa, ou dwe santi w konsa, ki pa gen anyen reyèl ladan l; se sèlman ou menm, ou konn sa. Wè, ou konnen sa, se jis ou menm ki ap envante sa.

10 Kifè m t ap eseye on tijan kalme m kounye a, epi prepare m pou—pou gwo tonton an ke m espere k ap vini pa lontan. E

pandan sa . . . M te dwe al New York touswit, e Mwen . . . nan on reyinyon anwo a la, yon kanpay. E apre sa desann Shreveport, epi retounen al Phoenix. Epitou vin fè on tou nan lwès . . . fwontyè sid Etazini. E apre sa yo t ap fè aranjman pou lòt bò dlo, pou kòmanse pi vit nou kapab apre joudlan. petèt mas, avril, on bagay konsa; pou nou kòmanse an Stockholm oswa Oslo, epi ale fè toudimonn, si nou kapab nan pwochen tou a.

11 E kounye a mwen lakay, on tijan ap repoze m, pou m ka on jan reprann mwen epi reprann fòs. E si Seyè a vle, M ap retounen dimanch pwochen, sot anba a nan Kentucky. E—e si tout bagay oke, si sa fè Seyè a plezi, epi sa pa deranje Frè Neville; ebyen, m ap jis eseye pran sèvis dimanch pwochen an, si—si Seyè a vle. E si Li jis vle l menm jan ak Frè Neville, m—m va isi a. Wi mesye, Li jis tankou . . . si L dakò sou sa menm jan ak Frè Neville. M espere Li dakò. Bon, ou wè, apre sa mwen konnen nan pa lontan mwen pral, si Seyè a vle, mwen pral pati kite nou pou yon ti bout tan.

12 Epi mwen . . . jis ti mesaj, lè yon yon ti bagay moute sou kè m, alò mwen—mwen—mwen santi tankou m vle pote l ba nou, ou wè, epi nou ka fratènize otou sa. Bon, m gen kèk nan yo, senk oswa sis ki te jis vin jwenn mwen nan kèk dènye jou yo la. E m te pati, pandan kèk jou isit la, al lachas ekirèy. E m te nan bwa forè yo, m te pran kreyon ak papye. Ou wè? Bon lè se bon moman an sa vin byen e ke l te fè jou, mwen te apiye yon kote sou on pyebwa. Si m pa gen dòmi, mwen kòmanse priye, e apre sa mwen, Seyè a va ban m kichòy, mwen kòmanse pran nòt sou sa, ou wè. Nou konn kisa m vle di; lè w rantre nan ou menm, epi apre sa ou . . . Alò mwen antre, ekri l okonplè sou on blòk papye. E apre sa lè yo rele m, mwen kouri pou pran blòk papye sa pou byen gade l epi jwenn kisa mwen ka konmanse, ou wè. Se sa ki fèk rive jis kounye a.

13 Bon kifè, mwen vle, si Seyè a vle, pale jis . . . M ap eseye fè . . . diminye gwo, mesaj long yo, ou wè; kote ou pran on pakèt tan. E Seyè a te ede m fè yon bon travay rapid nan Chicago, la yè swa, apeprè trant minit. E yon moun te vini, pou di: "M pat panse ou te kapab, men ou te reyisi l." Kifè trant minit, konpare a dezè edmi, ou twa, ou konnen. Kifè petèt m te ka depeche m aswè a pou m fè yon ti antrennman, pou m pa gade nou twò lontan.

14 Bondye beni nou. Kèlkeswa kote m va ale a, p ap janm gen yon kote tankou tabènak sa isi a. Se lakay mwen, lakay cheri mwen. E mwen gen senpati pou fanmi Weaver. Epi ak presye frè nwa sa ki mouri a, mwen te priye avè l yon tikras anvan l te pati, e li te gen yon bon karaktè. E kounye a li antre Lakay avèk Bondye, e tout bagay fini. E nenpòt ki jan an ou gen pou ale, e nou tout konn sa. Kifè nou . . . Ke Seyè a fè nanm yo repoze an pè, e yon jou nou espere ansanm nan yon Peyi laba, kote k pa gen okenn maladi, tristès, ou lanmò. Jiskaske nou va rive la, annou jis fè tout sa nou kapab pou Levanjil la.

15 Palan de presyon, m t ap priye sou sa maten an. Kisa w t ap fè si w pat gen presyon? Jis panse a sa. Presyon fè pati vi a. Sa on jan ankouraje m lè m panse sa. Si w pat gen okenn presyon, ou t ap tankou yon poupe twal, ou pa t ap gen okenn santiman. Pa t ap gen anyen pou fè w reyaji. Se tankou yon mesye ak madanm li, petèt si l vle fè yon bagay. epi y ap eseye travay ansanm (sitou Kretyen), e lòt la vle . . . epi apre sa lè yo rankontre ansanm pou . . . ou dekouvri sa l fè; li menm li dekouvri . . . Wè, presyon an reyalite fè nou vin pi rapwoche ansanm. Epitou yon moun vin di w ke: "Ebyen," li di, "jis panse a ti madanm ou ki te sibi on pakèt presyon lè w pat tèlman janti," oswa "mari a ki te sou presyon lè w pat tèlman janti. Apre sa lè tout bagay padonnen, gade kijan w santi parapò a li. O la la, ou jis . . . " Ou wè, ou oblije gen presyon. Se tou.

16 Epi jis panse, a jan w t ap santi w, kisa l t ap ye si w pat gen okenn sansasyon, okenn doulè oswa anyen? Kisa l t ap ye si pat gen doulè ditou? Ou pa t ap gen okenn sansasyon ditou. Ou wè? E si ou w pa gen okenn sansasyon, alò youn lan sans ou yo pa t ap egziste. Ou wè? Kifè, wè, tout bagay jis kòrèk de tout fason. Kifè: "Bondye, jis bannou gras pou nou ka sipòte l," se sa bagay la ye. Si nou jis rete ak gras sa, epi kenbe la pou di: "Nou konnen lè vi sa va fini, sa ki gran an lòtbò a kote nou espere ale a." Epi kounye a, nou—nou sonje ke tout bagay sa yo, vini ak presyon.

17 Ke, gen moun k ap eseye prezante Krisyanis, kòm si "ou pa gen traka. Ou genyen . . . " Non, se pa sa ditou. "Ou pa gen presyon." O, non! Ou gen plis presyon lè w vin Kretyen, paske ou te abitye on jan ap lese ale, manfouben, kèlkeswa sa l te ye deyò la, pa vle pran responsabilite w.

18 Men lè w te vin yon vrè Kretyen, a chak moman ou te konn ap mande w: "Èske m fè Seyè m lan plèzi? Si m te ka jwenn repons Li!" Sa mete w sou presyon, sa mete w sou gad ou. Se sa ki fè w sa w ye a. Kifè malgretou, presyon se yon benediksyon. Sa jis depann de kijan ou pran l. Se jis fason ou pran l lan. Ou wè? Si w jis pran lòt kote a, gen—gen . . . Kèlkeswa epesè ou koupe nenpòt ki bagay la, ou toujou gen de kote, ou wè. Kifè ou vle wè toude kote yo.

19 Kifè presyon . . . Mwen kwè, "O la la, se . . . Kisa presyon sa ye? Si m te kapab fèt san presyon sa." Ebyen, si m pat gen presyon sa, mwen pa t ap sa m ye a. M pa t ap on Kretyen, petèt. Se te presyon sa ki te mennen bay Jezikri. Ou wè? Kifè, se te yon bagay beni pou mwen.

20 Bon apre sa, tankou Pòl te di a, lè li te sou presyon oswa on bagay ou on lòt, li te konsilte Seyè a twa fwa pou—pou retire l pou li. E Seyè a te di: "Sòl, Mwen . . . Pòl, gras Mwen sifi."

21 Li di: "Alò, m va glorifye m nan feblès mwen yo. Konsa lè mwen fèb, sètalò ke m fò." Ou wè? Toutotan se volonte Bondye, se kòrèk.

22 Bon, m te konsilte L on lè kan sa te konn deranje m anpil, sa te konn fè m pè E li te di m, sa fè apeprè uit oswa dizan, Li te di: "Sa pa gen dwa janm fè w pè ankò." E sa pat janm fè l. Non mesye, pa—pa enkyete w pou sa. Mwen jis te santi sa, men m te konnen sa te la; m te jis kontinye paske sa pat fè m pè ankò, m sitèlman gen rekonesans pou sa.

Bon, Li te ka di: "Sa p ap rive ankò," menm jan ak, "Ou pap janm pè ankò."

23 Kifè se volonte L pou sa rive, konsa mwen jis aksepte l e mwen di: "Mèsi, Seyè, M pral mache fason sa."

24 Bon, annou bese tèt nou jis yon moman pou—pou lapriyè. Èske gen yon rekèt priyè espesyal? (Mwen wè mouchwa ki etann la.) Leve men w. Seyè, beni chak timoun Ou yo.

25 Papa nou ki nan Syèl la, pandan ke kounye a n ap pwoche gran, majeste Twòn gras Ou a, poutèt yo te envite nou. Nou vini sou envitasyon Jezikri. E nou vini ak tout traka nou yo, e nou remèt Li yo paske Li pran swen nou. Ala yon gwo konsolasyon sa ye, pou nou konnen Li pran swen nou. Gwo Bondye nan Syèl la, Kreyatè a, pran swen nou, ki se kreyasyon Li. Nou sitèlman kontan pou sa, Seyè. Ala yon konsolasyon sa ye nan tan sa yo ke n ap viv la, kote ta sanble ou paka jwenn—jwenn konfò nan anyen ke Pawòl Ou. Se sa konsolasyon nou, Pwomès Ou. Epi nan Pwomès Ou, Ou di pou nou fè konnen rekèt nou yo, epitou: "Si nou mande nenpòt bagay nan Non M, Mwen va fè l." E tout gwo Pwomès sa yo: "Mande e ou va resevwa. Di montay sa: 'Wete kò w,' epi pa doute, e sa va rive." Tout Pwomès sa yo, epi nou ka benefisye sèlman sa nou mande a.

26 Gen men ki leve, yo bezwen kichòy, Seyè. Ou konn bezwen yo; founi l, Papa. Mwen mete priyè pa m ak pa yo devan W, men m leve anlè ak men yo. Isi a sou chè sa, men mouchwa ki layite la. O, se pa tikras moun avèk lafwa, fwa vanyan, Seyè. . . Sanble se jis yon bagay ke Ou pran pou beni m, pou m kapab priye pou moun malad. Kèlkeswa kote a, nenpòt ki bò a, kèlkeswa kote m ale a, se toujou yon bagay konsènan priye pou malad. Bondye, ede m kounye a. Mwen priye ak senserite ke Ou va akòde rekèt mouchwa sa yo ke yo te mete la, pou moun ki te mande sa. Ke mizèrikòd Ou repoze sou yo.

27 Seyè, nou aprann ke Sè Hicks mennen yon dam isi a, ki te pran avyon soti kote byen lwen pou yo te priye pou li, ak yon kansè; e li te vle konnen si l te ka mennen l vin isi a. Mwen priye, Bondye, ke Ou sove lavi moun sa; akòde sa. Ti neve m, Mikie, ki lonje laba a malad ap vomi, ak on gwo lafyèv, jis soti pa pòt la. Seyè, Mwen—Mwen kwè nou te priye la avèk fwa pou te rete sa, e mwen—mwen—mwen genyen W rekonesans, m gen enpresyon ke lafyèv la ap tonbe pou kite jenn gason sa anvan m kite pyès la.

28 Kounye a, Seyè. . . Mèsi pou tout bagay sa yo. Bon se responsablite pa m pou m pale de Pawòl Ou a. Bannou Pawòl

Ou, Seyè. "Pawòl Ou se Verite." Beni nanm nou e bannou gras ke nou bezwen an—an, pou nou ka al chache l nan Pwomès Bondye yo aswè a, nan Pawòl la, ki va soutni nou pandan rès semèn sa; akòde l. Beni pastè nou, nanm vanyan sa, madanm li, timoun li yo, dyak yo, administratè yo, epi tout moun ki anndan oswa ki deyò bilding sa; akòde l, Papa. Nan Non Jezikri nou mande benediksyon sa yo. Amèn.

29 Kounye a, mwen vle li de kote nan lèzekriti Seyè a. Mwen vle li an premye nan Liv Sòm, Sòm 86. E apre sa mwen vle li nan Sen Matye, chapit 16, 1 a 3. E mwen vle li yon pati Sòm sa, pa tout okonplè men desann apeprè vèsè 11 lan, ke w jwenn on tijan nan mwatye l.

30 E mwen vle anonse sa a, si m ta rele sa on tèks, anvan m kòmanse preche sou li: *Tan Ak Siy Inyon An*. "Tan Siy Inyon An," sa sanble on jan konplike. *Inyon* (Ou wè?) *Tan*, tan inyon, se sa k ap fèt kounye a. Epi *Siy* tan inyon sa a.

31 Nan—nan Sòm lan, se on priyè David, Sòm 86.

Panche zòrèy ou; O SEYÈ, *tande mwen: paske mwen pòv e m nan nesesite.*

Sove nanm mwen; paske mwen pi: O ou se Bondye mwen, sove sèvitè ou ki plase konfyans *nan ou.*

Gen mizèrikòd pou mwen, O Seyè: paske m ap pouse kri ba ou chak jou.

Fè nanm sèvitè ou ap rejwi: paske se devan ou, O Seyè, ke mwen leve nanm mwen.

Paske, Seyè, ou bon, e ou prè pou padonnen; epi ou gen anpil mizèrikòd pou tout sa yo ki envoke w.

Pòte atansyon, O SEYÈ, *a priyè mwen;. . .tande vwa siplikasyon m yo.*

Nan moman difisil mwen yo mwen va envoke w: paske ou va *reponn mwen.*

O, èske sa pa bèl? "Ou va reponn mwen."

Pami divinite yo pa gen okenn ki tankou w, O Seyè; ni non pli pa gen okenn zèv ki ka konpare *ak* zèv *ou.*

Tout nasyon ke ou te *kreye yo va vini pou adore ou, O Seyè;* ou *va glorifye non ou.*

Paske ou gran, epi ou fè anpil bèl mèvèy: ou se sèl Bondye.

Tande byen kounye a:

Montre m wout ou a, O SEYÈ; *mwen—mwen va mache nan verite ou: ini kè m ak respè pou non ou.* (Inite! Ou wè?)*. . .ini kè m ak respè pou non ou.*

32 Kounye a m ap pale de *inite* epi *siy tan an*. Bon, nan Matye chapit 16:

Farisyen ak Sadiseyen yo tou te vini, . . . pou tante l, ap mande *li pou l montre yo on siy ki sot nan syèl.*

E *Li te reponn e li te di yo, Kan l fè nwit,* nou *di* mwen . . . *Li pral fè bo: paske syèl la wouj.*

E nan maten, Sa va rive desann pi ba . . . *tanperati a va varye: paske syèl la wouj epi klè. O* bann *ipokrit,* nou *kapab disène siy nan syèl yo; men* nou pa kapab *disène siy tan* yo?

Ke Seyè a ajoute benediksyon ki bay gras Li yo sou lekti Pawòl sa.

33 Kounye a, n ap pale de inite sa, tan inite a; siy pou tan inite a. Ou wè, Jezi te la, nan dènye lekti Ekriti sa. Li t ap pale di ak klèje a poutèt yo pat ka disène tan an oswa siy tan an. Bon, sa te toujou on gwo bagay pou moun yo, ou wè, pou yo te kapab disène *siy tan n ap viv ladan l lan*; paske Bondye ekri l aklè pou ke pèsonn moun pa ka evite l.

34 Bon, òdinèman, mwen te ka tounen ranmase bagay lòt minis, lòt sèvitè Seyè a nan tan Labib (tankou siy ki te genyen nan tan Noye a, siy nan tan Danyèl la e—e latriye, diferan siy yo), men mwen vle pase sou sa aswè a pou—pou sove tan, pou n kapab . . . Men sa te toujou fason pa Bondye, pou ba yo on—on siy natirèl pou tan an, konsa chak moun te ka konnen senpleman se ki tan sa—sa te ye. E Farizyen sa yo te sipoze konnen tan yo a. Yo te sipoze konnen kisa tan an te ye. Li te di on lòt kote: "Si nou te konnen M, nou t ap konnen jou M lan." Ou wè? Se—se trè, on—on gwo bagay ke nou konprann. Ou wè, "San konprann!"

35 Se nan sans sa yo te toujou refere a pwofèt yo, yo te di: "E li te konprann, pa vizyon ki vin de Seyè a. E Pawòl Seyè a te vini a—a pwofèt ansyen tan yo." Ou wè, yo te konn konprann atravè Pawòl Seyè a, pa pwofèt yo. E apre sa, pwofèt yo te bay on siy. Pa egzanp, on nonm ki te kouche sou on bò pandan yon sèten tan, apre sa li te vire kouche sou lòt bò a. On nonm ki te retire rad li. Epitou o, gen anpil bagay yo te fè pou yo te montre siy yo t ap viv ladan l lan. E kounye a nou konnen ke Bondye ki fè syèl yo ak tè a, epi—epi ki tèlman demontre zèv Li yo gen pou L dekri tan pa L la pa siy, menm Bondye sa ap viv jodi a. Kifè nou dwe, gen on bagay . . . pandan n ap konsidere tan an—an ke n ap viv ladan l lan, dwe gen on bagay ke kèk moun pase sou li kèk kote. Ou wè? Paske Bondye pa t ap janm kite bagay sa yo rive san bannou on siy klè, la, pou—pou nou ta ka konprann.

36 Bon men bagay la jodi a, sè ke ni klèje a, ni nou pa byen sezi l. Se jis jan sa te ye lè sa a, yo pat panse ke se te tan an. Yo—yo te panse yo t ap viv byen anpè lè sa a, e ke yo pa t ap tann okenn Mesi. E Jezi te di ke Vini Li va "tankou on vòlè lannwit." kote—kote moun yo p ap konsyan de Vini Li. Men te gen kèk nan vyèj yo ki t al rankontre Li, mwatye nan yo, te gen lwil nan lanp yo e

yo te prè; yo t ap siveye siy sa. E se a moun sa yo m ap pale aswè a, ou wè, a sila yo ki ap chache siy lan kounye a, siy Vini Li an.

37 Siy sa yo, ke Seyè a bay, se sèlman pou kwayan yo. Enkwayan yo p ap janm wè l. Sa pase drèt anlè byen wo yo, e yo pa wè l. E kounye a, jis ak menm sètitid on Anj Bondye te ka kanpe sou estrad sa a aswè a, se jis ak menm sètitid la ke—ke m ap gade w la, epi m te ka ap gade sa tou; oswa ou te ka ap gade sa epi m pa ka wè l, oubyen m te ka ap gade l epi ou pa ka wè l. Bon, ou konnen sa konfòm ak Lekriti; se egzakteman la Verite. Yo te wè . . . Ou konnen Pòl te tombe, men yo . . . okenn nan yo pat ka wè Limyè sa.

38 Limyè sa te jis la lè Jan te kanpe la devan on foul moun, epi dè milye laba sou rivaj la, yo te moun klèje ak—ak moun saj, gran gason. E jan li menm, te di, li te temwaye ke l te wè Lespri Bondye desann tankou on kolonb epi vin poze sou Li, e on Vwa te di: "Sila se Pitit Mwen renmen anpil la e se nan Li Mwen pran plezi abite." Pèsonn lòt moun pat wè l apa Jan. Ou wè? Se te jis pou li.

39 Èske w te remake kijan sa te reyèl, siy maj yo? Yo te gade, te gen . . . Yo te Ebre. Yo pat vrèman astwonòm ki sot an End, yo te Ebre; paske yo te laba a nan peyi sa pou etidye astwonomi, pou yo te ka fini ak etid yo. E lè yo te . . . gade nan direksyon Jerizalèm, e paske yo te wè twa etwal sa yo apati de liy desandan nesans yo—yo, dapre Kam, Sèm, ak Jafè, ki te ras yo te soti, yo chak, e yo te wè etwal sa yo sou santye liy nesans yo. Se te on siy pou yo, ke lè etwal sa yo te aliyen, Mesi a te sou tè a.

40 O la la! Se pa etonan yo te vini: "Kote li? Kote Li Sila ki te ne Wa Jwif yo? Nou te wè Etwal Li nan Lès, e nou vini pou adore L. Kote Li?" Yo te konnen ke Timoun Mesi sa te kouche kèk pa, paske Bondye te ba yo on siy pou tan an, ke Bondye ak lòm te ini ansanm. Ala on inite, lè Bondye te ini Pwòp tèt Li nan on kò imen! Sa ki prensipal la, pi gran nan tout inyon yo ki pat janm rive, se te lè Bondye te ini avèk lòm; pou L te kite gran liyen Li—Li kòm Bondye epitou etann byen lwen tant Li pou L vin imen, e Li te vin youn nan yo, pou rachte yo. Inite. Sa te fè kisa? Sa te mennen lapè ant Bondye ak lòm pou tout tan. Se pa tikras rekonesans nou genyen.

41 Epi yo pat voye siy yo . . . Jis panse kounye a, chak òm, ak tout astwonòm yo; moun, nan jou sa yo, revèy pou montre lè se te etwal yo. Te gen on santinèl ki te konn monte anwo sou tèt tou—tou obsèvation an ap siveye. E li te konn wè lè kèk etwal ki te fè pati on konstelasyon, antan yo t ap defile, li te konnen ki lè l te ye. Nou sonje nan Lekriti: "Santinèl, ki lè li ye?" E santinèl la te konn desann pou di l nan ki tan sa te ye. Ou wè, yo te konn lè a apati de etwal yo.

42 Bon, èske sa pa etranj ke etwal sa yo te aliye egzakteman pou twa moun e pèsonn lòt pat wè l? Ou wè? Jis aliye egzakteman. Kounye a, ou kapab tèlman byen aliye avèk Lekriti. Ou wè? Lè

etwal sa yo te vin ini, te ini tèt yo ansanm nan konstelasyon sa a, twa zòm te ini tou nan menm moman an. E ou kapab tèlman ini ak Bondye, nan Pawòl Li, jouk bagay sa yo vin on reyalite, e ou ka wè yo epi konnen ke yo vre. Ou wè? Siy tan an! Ou ka jis manke l, pou ap di: "An, tenten!"

43 Men pou *ou* se pa tenten. Pou ou, ou ini avèk Pawòl la, epi se sa L ye. Sètalò sa se—sa se Limyè absoliman, Frè Pat, lè—lè—lè—lè w wè limyè sa ini ak kwayan an. E se a moun sila a ke m ap adrese sa la, kwayan an, paske enkwayan pa janm wè l. E ala on pataswèl sa t ap ye si L ta sou tè a jodi a, pou anpil nan klèje nou yo jodi a, ki pa ka disène siy sa a; siy ke nou wè chak jou isit la nan tabènak la, pou ap gade bagay yo. E lèzòt disène l e yo wè men k ap ekri sou miray la, e poutan anpil jis pa konsidere l, e yo jis pa wè l ditou. Sa pa vle di anyen pou yo ditou; yo pa menm remake l.

44 Kounye a remake, ke nan sa a, Li—Li endike dè siy pou nasyon an. Bon, lè yo te poze L kesyon konsènan sa, yo te vle dè siy; e Li te ba yo siy ki te akonpli. E yo te vle konnen ki lè lafendimonn lan te ka rive, kisa siy lafen an te ka ye. E li te endike yo anpil kote nan Lèzekriti konsènan siy pou nasyon an, konsènan siy nan syèl la, ak siy sou tè a; Li te ba yo dè siy, siy, dè siy, jis siy kontinyèlman. E lè . . . Li te di yo la on kote konsènan siy pou nasyon an. Li te di: "Lè nou va wè nasyon yo," ou wè, "kòmanse ap rasanble toutotou Jerizalèm," ou wè, alò konnen ke tan pou yo nan twoub la li pwòch, "lè nou va wè Jerizalèm antoure ak lame."

45 Bon, anvan yo ka fè sa, Bondye . . . mond lan te dwe ini. Titis, gran jeneral Women sa, te dwe ini ame l yo ansanm pou vin ansèkle, aprè Jwif sa yo te rejte siy tan an Bondye te ba yo a. Se lè sa Titis te ini ame l yo ansanm, pou vin pran vil la. Dabò te dwe gen yon inyon (swadizan) pèp Bondye a kont Pawòl Bondye a, anvan ke nasyon yo te kab ini tèt yo kont pèp Bondye a. Ou wè, inite a—a—a, inyon an; inyon ansanm lan.

46 Mwen kwè ke n ap viv nan on gwo tan pou inyon. M ap konsidere limyè wouj sa yo, pou ap voye siyal ak tout bagay konsa (tankou medam yo, jan y ap konpòte yo; ak mesye yo, jan y ap konpòte yo; epi legliz yo, jan y ap konpòte yo), pou ap montre ti gwoup sa a, ak tout kè m, ke mwen kwè nou ap aliye nou ak Pawòl Bondye a nan gwo moman pwofetik sa, jis anvan Vini Seyè Jezi a; ap ini nou ansanm pou nou ka prè.

47 Kounye a, ou wè, anvan Titis te ini nasyon yo . . . ame l yo ansanm, Izrayèl te ini pwòp tèt yo ansanm pou yo te ka regwoupe yo ansanm, on fason pou yo pat kwè ke Jezi se te Mesi a. Yo te rejte L, e mete L de kote, epi krisifye L. E apre sa, lè yo te fin rejte sali ki te voye pou yo a, yo te ini pwòp tèt yo ansanm pou fè sa. Bon, kenbe sa nan panse w: ini pwòp tèt yo ansanm, pou rejte

Mesaj pou tan an! Yo te oblije fè sa. E alò lè yo te fè sa, sètalò siy pou nasyon an te vini.

48 Nasyon yo te kòmanse ap ini pwòp tèt yo ansanm, E Titis te mennen gwo ame Women ak Grèk yo pou antoure mi Jerizalèm yo, pou yo te ka sènen moun sa yo kounye a la, e yo te mouri grangou. Yo te manje ekòs pyebwa yo. Josephus, gran istoryen an, di nou l. E yo te manje zèb ki sot nan tè a. Yo te menm bouyi pitit youn lòt pou manje l; ou wè, kòm si yo te vin dè moun ki pèdi tèt yo. E apre sa lè, finalman, Titis, te tabli l sou kolin yo la, toutotou Jerizalèm, e—e moun sa yo la te panse ke yo t ap fè volonte Bondye, lè yo te wè ame sa yo ap vanse. Yo te refize koute Gran Mèt sa, Seyè Jezi, ki t ap di yo sa.

49 Pat gen on sèl Kretyen ke yo te pran anndan an la, paske yo te wè siy lan e yo te al fè wout yo. Ou wè? Yo te di: "Ke sa yo ki sou tèt kay la pa desann, oswa sila a ki nan chan an pa retounen, al chache manto l; men ke l sove al nan Jide, epi priye pou kouri nou an pa rive an ivè ou on jou Saba." Paske, an ivè, kolin yo—yo plen ak nèj; e jou Saba a, pòt—pòt yo te fèmen, pòtay vil la, e yo te ka pran yo nan kondisyon sa. Ou wè? Nou vle antre nan sa trè byento konsènan. . . Kouman Bondye fè bagay sa yo, si Seyè a vle.

50 Remake kounye a, Li. . . Yo te priye ke se te ka sa. . . pou se pat fason sa, Jezi te di yo pou priye pou sa, e yo pat janm pran youn ladan yo anndan an la. Yo te al fè wout yo paske yo te konsidere siy lan, e yo te al fè wout yo; se tou sa sa te vle di.

51 O, ala legliz jodi yo ta dwe wè siy tan ke n ap viv ladanl lan! Kouri pi vit nou kapab al jwenn Kalvè, pou gen Lavi; pa al jwenn on legliz, men al jwenn Jezikri. Ini tèt nou avè L, men pa avèk on òganizasyon oswa on kredo legliz. Ini ak Kris, e asire w ke se Li. Nou pa kab jis pran nempòt bagay, nou dwe sèten ke se Li. Ala on tan inyon!

52 Kounye a, nou jwenn ke yo te rejte Mesi a e apre sa yo te ini tèt yo ansanm pou yo te fòme on lig pou pwòp tèt yo, e yo te fè on—on. . . yon antant antre yo ke si nenpòt ki moun lan te resevwa Jezi kòm Pwofèt, yo t ap ekskominye yo mete yo deyò nan legliz la. Nou sonje ti gason avèg la ki te chita la ak je l yo avèg la? E disip yo te di: "Kimoun ki te peche? Li menm, osinon papa l, manman l?"

53 E Jezi te di: "Nan ka sa, ni youn ni lòt; men se pou zèv Bondye yo te ka fèt, ak manifeste."

54 Epi nou sonje, yo te di ke papa l ak manman l pa t ka di anyen. Yo te di: "Nou rekonèt ke se pitit gason nou an, men nou pa konn kijan l te fè geri." Paske Jwif yo te deja di ke nenpòt moun ki te konfese Li se Pwofèt la, yo ta pral ekskominye yo.

55 Men, ou wè, zèv Bondye yo se te ke jenn gason sa a pa t fè pati de gwoup sa. E li te di: "Bon, se on bagay etranj pou mwen ke nou pa konnen kote Nonm sa soti, e poutan Li fè m wè." Ou

wè? Bon, li te kapab di sa. Ou wè, se te zèv Bondye yo. Li te geri, epi byen, e li te ka—li te ka di sa paske li pa t gen okenn kòd ki te atache l avèk kwakseswa. Li te sila ke zèv yo te fèt sou li a, e se sèten li te wè . . . pou premye fwa nan vi l.

56 Bon, Jwif yo te ini tèt yo ansanm kont Jezi e—e kont fonksyon Mesi Li a, ak Mesaj Mesyanik Li a. Nou wè menm bagay la ki ap rive kounye a, jis menm bagay la. Kominis ap ini pou detwi legliz, e sèl fason ke sa . . . se va apre legliz ta fin ini pwòp tèt li tou, nan konsèy Legliz yo, Konsèy Mondyal Legliz yo, pou renye epi detwi Mesaj la, Pawòl la! Yo te vire do bay Pawòl la, legliz yo fè sa! Yo pa ka aksepte L paske Se kontrè ak kredo denominasyon yo; pe enpòt kantite Kolòn de Fe ki te ka sispandi nan . . . nan mitan pèp la, oswa kantite moun lan . . . kantite bagay ki te ka predi epi rive a, ak tout gwo siy Li te pwomèt nan dènye jou yo; yo pa ka fè l.

57 Konsa, yo ap ini tèt yo kounye a, e pastè w isit la e anpil lòt ka di w li, se jis li l, ke yo nan . . . gen mouvman ekimenik mondyal la—la—la. Epitou . . . gen on minis Literyen a la tèt li. De fason ke, si ta gen on dezas, ki te ka rive nan vwazinaj sa a isit la; si nou pa ta ini avèk mouvman ekimenik sa, alò legliz nou an pa t ap legliz ankò, e yo te ka itilize l pou on depo. Oswa si youn nan nou frè yo ta wè on moun ap mouri oswa blese, epi eseye asiste l ak kèk benediksyon Espirityèl, yo ka tire sou nou pou sa; se egzakteman vre. Yo ka mete nou nan prizon federal poutèt n ap pote kèk asistans, paske nou pa manm mouvman ekimenik sa a. Èske w pa wè mak bèt la? Ou wè? Ou wè?

58 Bon, nou wè tan inyon sa a k ap vini an. Ou wè? Kounye a, siveye! E apre sa legliz te ini tèt li kont Mesaj la; e alò lè li fè sa, nasyon yo va ini tèt yo ansanm nan Kominis pou detwi legliz ankò; jis egzakteman sa l te fè premyè fwa a. Ou wè? Sa repete tèt li menm jan an ankò.

59 Izrayèl te vire do tounen bay premye Mesaj la. E lè yo te vire do tounen bay Mesaj la, apre sa se te militè, vi nasyonal la te ini tèt yo ansanm (bò kot lòt nasyon yo), e yo te antre epi detwi legliz. E jodi a, yo tounen do bay Mesaj Seyè Jezikri a, e yo rejte L. E kounye a, tan an rive kote Kominis ap ini monn lan ansanm kont legliz. Ou wè, li oblije fason sa. Bon, sa di pou w di sa.

60 Sa te di pou Jwif sa yo pou yo te kwè. Yo te di: "Kounye a vini, frè yo, nou wè ke—ke Bondye nou—nou an avèk nou, kifè nou pral—nou pral nan tanp lan. Epi bon nou pral priye, epi kite sen pè *Entèl entèl* ak sen pè *Entèl entèl* kondwi nou nan lapriyè. Fèmen pòtay la!" E Titis te pran pozisyon l, epi li te kanpe drèt la pandan apeprè yon lane oswa plis. Ou wè, jis rete an plas, e yo te koz yo mouri drèt ak grangou. Pa t gen youn ki te ka menm sòti kite vil la; e yo te mouri, grangou. E lè li te antre la pou jete miray yo atè, san te djayi ap koule tankou rivyè anba la kote li te masakre tout sa k te la.

61 Bon, Anj Seyè a te pwofetize, byen lontan nan Ansyen Testaman, pou di ke sa ta pral rive. E minis sa yo, ki te manm klèje, ki te sipoze byen pozisyone sou sa pou ap di moun yo sa, olye de sa, lè Jezi te kanpe nan mitan yo, yo pat menm rekonèt Li; e yo te eseye fè de sa on—on . . . on sòt de on—on pat lapen: "Fè on demonstrasyon pou nou, fè nou wè kijan—kijan sa fèt! Montre nou on siy." Ou wè?

E Li te di: "Mwen . . ." Ebyen, Li te fè si tèlman de bagay, e poutan yo pat ka wè sa. Ou wè? E alò lè yo te rejte L antan ke . . . Mesaj la pou jou sa, yo te rejte Mesaj pou jou sa.

62 Yo pat kapab wè siy jou sa. E siy pwofesi Bib la—la te demontre devan yo, e yo te di: "Ann ale kounye a!" Yo te dèzòm sen. Yo te dèzòm ke w pat kapab lonje dwèt sou vi yo. Yo pa t ap kapab *konsa*, e apre sa—e apre sa vin on—on—on sakrifikatè. On sakrifikatè t ap pèdi vi l, yo t ap lapide l a mò pou nenpòt ti bagay la. Kifè li te oblije mennen on vi pwòp, sen. Li pa t ap ka fè sa, paske yo t ap lapide l a mò pou jis nenpòt bagay la. Bon kounye a yo te de gran zòm, epi dèzòm sen nan je pèp la, e poutan yo te ale epi di: "Bon, nou pral . . . Nou gen Bondye, Bondye ki te toujou avèk nou an atravè tout aj yo. Nou pral nan tanp sen Li a." Se te tanp sen Bondye a! Men, ou wè, yo te mete L de kote nan tanp sen Li an. Ou wè? "Nou pral nan kay Seyè a. Bon nou tout Ebre nou konnen ke nou se ras ki chwazi a, se sa nou ye, isi a. Epi Bondye se Bondye nou; Bondye Abraham, Izarak, ak Jakòb. Li avèk nou. Li pral delivre nou nan men Filisten ensikonsi sa yo laba a (jan l te ye a), Women ak Grèk sa yo. Li pral delivre nou de sa. Ann ale nan kay Seyè a!"

63 Sa parèt byen; men kisa yo te fè? Moun ki te bati kay la te la, sou fòm yon enb chapantye Galileyen, e yo te rejte L; alòske Bondye te konfime L kòm Mesaje L pou tan an, epi kòm Branch lan. Men yo te rejte L. Kifè tout priyè, tout senserite, tout sakrifis pa t vle di anyen pou Bondye. Yo te fè sa! E Bondye te kite gwo ame sa yo ini pou detwi yo.

64 E nou wè jodi a, pandan legliz yo atravè denominasyon yo e latriye, ap rejte Pawòl Bondye a. Yo pa vle pale yo de bagay sa yo, e lasyans ka pwouve l avèk foto ak tout lòt bagay, e malgretou yo pa vle annafè avèk Sa. Kifè kominis ap fòme pou detwi yo, jis egzakteman jan Titis te fè l la, e Bib la di ke yo ta pral fè sa. Egzakteman!

65 Bon, ou wè ki bò n ap viv la? Tan inyon an, alòske nou wè bagay sa yo ap ini yo. O, poukisa nou echwe pou wè bagay sa yo? Ou kapab—ou kapab gade la nan Lekriti epi wè kote Li te pwomèt sa, sa Li ta pral fè. Bon, nou wè l te akonpli. Nou wè nan legliz sa Li te pwomèt L ap fè; nou wè sa te akonpli. Nou wè nasyon yo k ap ini ansanm. Nou wè ism yo k ap ini ansanm. Nou wè legliz yo k ap ini ansanm. Se tan inyon an. Se tan pou inyon.

Se espri aj la, "Nou oblije ini." Tout bagay w ap pale de yo oblije òganize; sinon menm gouvènman an p ap aksepte l.

66 Ou konnen, antan ke sitwayen. . . Mwen pa kapab antan ke sitwayen, antan ke sitwayen Etazini, malgretou mwen—mwen. . . ou ta ka ban m on chèk senk dola e m paka menm oze mete non m sou li. Hmm. Ou wè, m pa tap ka fè sa. Ou wè, se on tan pou ini. Tout bagay dwe pase atravè on sendika kèlkonk, e se sendika sa menm k ap menmen mak bèt la. Ou wè? Se on tan pou inyon, e sa an mach kounye a pou abouti a sa. Ou kapab wè l jis avèk pwòp jye w, si w ta gade l. Se on tan pou inyon, kote tout bagay ap ini ansanm.

67 Jwif—Jwif yo te ini pwòp tèt yo kont Jezi, antan ke Mesi yo—yo. Kidonk, nou wè sa k te rive. Nou wè menm bagay la kounye a, kominis k ap ini pou detwi legliz, apre ke legliz te fin ini nan Konsèy Mondyal Legliz pou ap eseye detwi Mesaj la, Pawòl Bondye a. Yo eseye debarase yo de Li. Sèl bagay yo ka fè se fòme on konsèy pou pwòp tèt yo, paske yo divize; on ti gwoup isi, Metodis, ak Batis, ak Literyen, ak Prezbiteryen, Legliz de Kris, elatriye konsa. Yo pa ka fè anyen, paske *sila a* va kont *sila a*, *sila a* kont *lòt* la, doktrin yo jis diferan menm jan lès ye parapò a lwès. Ou wè, yo pa ka fè l. Men yon fwa yo vin ansanm, anba on gwo dirijan, y ap prè. Sètalò yo va prè.

68 Se fason sa ke Katolik yo vin si tèlman nan inite, Katolik Women yo, natirèlman yo nan yon inite, yo. . . majorite a se Katolik Women yo; Grèk yo ak lòt Katolik yo yo—yo pa anpil tankou Katolik Women yo. Bon yo ini ansanm, e se poutèt sa yo kolabore ansanm. Kèlkeswa sa k rive a, pap sa se li k ap dirije tout bagay. Ou wè? E kèlkeswa sa nenpòt lòt moun di: "Li se enfayib la; li se—li se—li se vikè Bondye, se fini; li akote Bondye; li gen pouvwa pou jije sou lanfè, Syèl la, ak pigatwa." Ou wè? Kifè nan ka *sa* pa gen anyen ki ka fèt; kèlkeswa sa l di a, se sa k dwe fèt.

69 Kounye a, Pwotestan yo yomenm ap prepare on chèf jis konsa tou, menm bagay la. E èske Bib la pat di ke te gen on imaj bèt la ki te fèt? Kisa yon imaj ye? Se yon bagay ki sanble avè l, ki fèt tankou l.Men ni, menm bagay la. Kisa sa ye? Ap ini tèt yo ansanm, e sa a se espri aj la, se *inyon*.

70 Ap ini ansanm kounye a, ap eseye detwi Mesaj la. Kijan y ap detwi L? Kijan yo ta ka detwi Pawòl Bondye a? Yo ka rann Li san efè, ki pa efikas, lè y ap aksepte tradisyon jan yo te fè l laba nan kòmansman an. epi ap rann Pawòl Bondye a san efè. Ou wè, yo di: "O, sa se. . . Vrèman, apre tou, . . . " Ou wè kote fanm enfidèl sa a ki ap eseye. . . li. . . M bliye non l pou kounye a; si m te ka jis sonje l. Li. . . Mwen tèlman genyen nan tèt mwen la.

71 M gen nan tèt mwen Mis Nasyon an lòt jou la; m swete nou te ka gen yon lòt konsa ki leve kanpe. Li te sila ki t al nan ba yo pou kraze boutèy wiski, epi voye pankat jete ak tout bagay sa

yo. Poukisa pa gen kèk fanm jodi a k ap leve kanpe konsa, pou al la epi dechire kèk nan afich fanm pwòp ras li ki toutouni yo, epi bagay konsa? Sa a, yo pa genyen l ankò.

72 Bon, poutan fanm sa, yon enfidèl, ki te di ke—ke "Bib la pa konstitisyonèl, pou w li l nan lekòl piblik," ak bagay konsa.

73 Bon, èske w te remake ankò, yo t ap eseye pou di kounye a tou, epi se gwo save Lèzekriti, ki di ke "anpil nan pwofesi ki te fèt nan Bib la te absoliman fo, e yo pa t janm akonpli." E nou te tande pale de sa e nou te li l. Y ap eseye di tout bagay; ou wè, y ap eseye detwi efè Pawòl sa. Si sèlman yo te ka detwi L epi ranplase L pa yon kredo oswa yon bagay lòm genyen, ki sanble dapre yo ki pi bon ke Pawòl la, alò yo detwi L ak—ak tradisyon yo. E se fason sa y ap eseye detwi Pawòl Bondye a, se pa politik denominasyon yo.

74 Bon, chak legliz gen pwòp politik yo. Legliz Kris la gen pa l, legliz Kretyèn lan gen pa l, epi Batis yo, epi Metodis yo, ak Presbiteryen yo; Yo tout gen diferant politik pa yo. Kounye a, y ap elwaye yo de sa paske yo separe. Ou wè, sa pa t ap kapab fèt anvan, yo oblije fè l kounye a. Ou wè, se tan inyon an, e kounye a yo tout ap mete l ansanm epi y ap pataje l epi gade a kisa yo abouti. O la la, se tankou kwit pen avèk vyann cheval, ak fatra ki sot nan poubèl, ak tout sa anplis yo te mete ansanm avè l; epi fè boulèt ansanm avè l, epi jete kèk pòmdetè pouri ak lòt bagay ansanm ladan l, epi gade a kisa sa abouti. Se sèten m pa vle anyen nan sa. Non, mesye! Se fason sa y ap fè. Ou wè, y ap pran moun ki kwè ke Jezi se te yon mit, yon legliz ki kwè ke Jezi se te yon mit; lòt la, gen kèk ki kwè Li te yon pwofèt.

75 Youn di: "Jou mirak yo pase."

76 Lòt la di: "Petèt ke yon tèl bagay egziste."

77 E tou sa ansanm; Bib la di: "Kijan de moun ka fè ap mache ansanm si yo pa dakò?" Ou wè? Bon, sa se jan de inite yo genyen. Epi yo mete yon gwo sen pè sou tèt li, e la ou vin gen yon imaj bèt la, jis egzakteman sa Bib la di a. Kounye a yo gen yon minis Literyen, alatèt li. Ebyen, nou wè se tan inyon an. Menm bagay la kounye a, Kominis ak tout rès la ap ini ansanm; nan mond lan, epi nan legliz elatriye, ap ini ansanm.

78 Obsève lanati. O, lala! Lanati, si w ta jis obsève lanati, li fè menm bagay la. Lanati se kalandriye Bondye pou siy yo. Èske w te konn sa? Jezi te di yo pou obsève lanati. Lanmè a ka ap dechennen, ou wè, e ka gen diferan bagay, tranblemantè tout kote, konfli nasyonal, siy nan syèl, siy sou latè, tout kote va gen siy tan sa yo k ap vini an.

79 Obsève nyaj yo. Anvan nyaj yo bay gwo tanpèt lapli, ou konn kijan sa fèt? Anpil ti nyaj rasanble ansanm, pou fè yon gwo nyaj. Ebyen, sila gen yon ti pakèt van k ap soufle l, lòt la gen yon ti pakèt van k ap soufle l, epi yo tout soufle ansanm, e apre sa ou gen yon siklòn. Ou wè? Yo ini yo anvan yo ka gen tanpèt la; yo oblije.

80 Obsève kana ak zwa ki ini tèt yo ansanm anvan yo pati kite peyi yo. Ou wè? Yo ini ansanm. Ou ka wè yo ap vole sot nan etan sa al nan etan sa, de yon kote a yon lòt, yo tout ap reyini ansanm. Yo ap ini yo, ap prepare yo pou dekole. Ou wè, se jis. . . Se lanati, e Bondye te kreye lanati, e lanati fonksyone dapre plan Bondye. Se yon lwa, yon lwa Bondye ki pa ekri, ke lanati fonksyone dapre lwa Li.

81 Se jis tankou, ap pale nan yon sèvis antèman, gen sèv la ki desann al nan tonb lan, anba nèt nan rasin pyebwa a, pou repoze la jouk moman rezireksyon an nan prentan. Se yon lwa Bondye. Pa gen okenn entèlijans ki ka fè sèv sa desann la; ou pa ka drene l soti, ou pa ka tire l soti. Pa gen okenn fason pi bon pou fè l ke fason Bondye a. Bondye gen pi bon fason an. Kifè kan fèy la tonbe, alò Li fè sèv la desann nan tonb lan al kache. Tankou Jòb te di: "Kache m nan tonbo a jiskaske kòlè W fin pase." Ou wè? Li desann la paske se yon lwa lanati, anvan jèl glas la. Gade fèy yo kounye a ki kòmanse tonbe. Poukisa? Se yon lwa lanati.

82 Kana yo pral reyini ansanm, yo chak, pou mete kò yo bò kot yon lidè. La yo pral konnen yon fason oswa yon lòt, m pa konn kijan yo fè l, men yo konnen ke ti kana mal sila se yon lidè. E ti zanmi sa, yo tout va reyini ansanm pou jis mete kò yo bò kote l, epi dekole drèt al anlè. E li va. . .li pat janm kite etan sa jiske la, men li va dirije l jis tou dwat sou Lwizyan oswa Texas jan l kapab, nan chan diri a. Ou wè, anvan yo pran vòl yo, pou kite lakay yo kote yo te pran nesans lane sa, yo te ini tèt yo ansanm. Amèn! Men ni; y ap rasanble bò kot lidè yo.

83 Pwoblèm lan avèk sa sè ke, pou lòm, li pa konn lidè li. Wi, mesye. Yo va rasanble yo bò kot yon denominasyon, yo va rasanble yo bò kot yon evèk oswa yon nonm, men yo p ap rasanble yo bò kot Lidè a, Sentespri a nan Pawòl la. Ou wè? Yo di: "O, ebyen, mwen pè pou m pa vin on ti fanatik; mwen pè pou m pa demare sou yon move pye." Oooo, men ni! Sa k t ap rive si ti kana a te di: "M jis pa renmen fason li gade plim li yo. M pa kwè m ap swiv li." Ou t ap frèt jele amò. Ou t ap mal pri la, si w pa dekole ak—ak vòl la nan moman an. Yo ini tèt yo ansanm, e se lanati ki fè sa.

84 Zwa yo ini tèt yo ansanm, pou rasanble yo bò kot lidè yo; yo fè menm bagay la.

85 Èske w te janm remake abèy k ap kite rich yo? Abèy yo va ini tèt yo ansanm, anvan yo kite rich yo, drèt bò kot rèn yo. Se vre. E kote l fè, se la yo fè tou. Wi! Kisa yo fè? Yo ini anvan yo rasanble. Egzakteman; chak nati!

86 Pwason yo ini tèt yo ansanm anvan dejèl prentan an. An deyò oseyan an, ou ka wè yo; gwo tonton yo. . .sa nou rele somon, "bosi" yo. Lè yo monte la, anvan dejèl sa tabli, ou va wè yo pa dizèn de milye, deyò lanmè sa, ap tounen anwon ankò e ankò; nan dlo sale a, men an reyalite yo se pwason dlo dous. E la yo te

remonte kouran dlo dous la, pou al tann peryòd pou ponn lan. Yo al la pou ponn, apeprè chak katran, e osito yo fin ponn yo mouri. E yo konnen ke yo pral la pou yo mouri, e ou pa t ap ka rete yo avèk anyen. Yo va sote anlè epi tout lòt bagay konsa, ap monte la, konsyan ke y ap dirije yo vè lanmò yo. Men lwa lanati fè yo konsa, yo konsyan ke y ap monte la pou ponn nan twou a, epi mouri. E sa ki jèn yo vini, e gen yon bagay ki ini yo ansanm apre sa, e byen rapid yo al nan oseyan an. Se inyon an! Se yon lwa. Ou jis pa ka kontredi lwa Bondye.

87 Nasyon yo ap—ap detwi, paske nou wè se tan kounye a kote—kote yo sipoze fè sa. Nou nan peryòd twoub nan nasyon yo. Nou konstate relasyon nasyon yo k ap kraze. Ane apre ane, nou jwenn ke kominis vale nasyon *sa*; *tèl* lòt ankò ke kominis vale. E drèt isit la nan pwòp nasyon nou, li ravaje ak kominis, e li va pran kontwòl la! Ou wè, li va fè sa, pa gen mwayen pou rete l. Poukisa? Pou menm rezon ou pat ka rete Titis. Moun yo te rejte Bondye ak Pawòl Li. Wi, mesye, kifè yo va fè sa, e nou wè l drèt la an mach.

88 Mwen konn, dabitid, mwen konn pran kèk èdtan; m deja rive nan trant minit apeprè la, kounye a. Ou wè? Men pou m fè tout bagay sa antre, mwen jis ap fòse. Etidye l lè w rive lakay ou.

89 Remake, y ap ini yo kounye a. Ou di: "Frè Branham, èske se vre?" Y ap vini pou batay Amagedon an; se egzakteman sa yo va fè. Ou wè? E se pou sa y ap ini yo kounye a. Se poutèt sa nou gen Nasyonzini ak tout bagay nou genyen yo. Mond Oksidantal la ap ini l kont Mond Oryantal la, kominis elatriye, yo tout ap ini yo ansanm. Legliz yo ap ini ansanm. Tout bagay sanble y ap ini yo. Inyon, ap ini tèt yo ansanm, nou wè sa.

90 Epitou, pandan gen tout inyon nasyon sa yo, siy sa yo, siy nasyon yo, nou wè l la nan mond lan, tranbleman tè nan divès plas, diferant bagay k ap ini; k ap mennen mond lan ansanm, ap mennen moun yo ansanm, tout legliz yo ansanm, tout bagay sa yo. E pandan ke tout inyon sa yo an mach, genyen on lòt inyon ki ap vanse. Amèn! Se sa m vle montre w kounye a.

91 Bondye ap ini Epouz Li. L ap rasanble ansanm, soti nan Lès ak Lwès, epi nan Nò ak Sid. Gen yon tan pou inyon, e se sa k ap fèt kounye a. Poukisa L ap ini? Pou Anlèvman an. Amèn! Bondye ap prepare L. Wi mesye, inyon? A kisa L ap ini? Ak Pawòl la! "Paske tout syèl la ak tè a va pase, men Pawòl Mwen an p ap janm pase." L ap ini Tèt li ak ENSI DI SEYÈ A kèlkeswa sa nenpòt denominasyon oswa nenpòt lòt moun lan di L ap ini pwòp tèt li. L ap prepare L. Poukisa? Li se Lepouz. Se vre. E L ap ini Tèt Li ak Epou a, ou wè, e Epou a se Pawòl la. "Nan kòmansman an Pawòl la te la, Pawòl te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè e Li te abite pami nou."

92 E Legliz e Lepouz e Pawòl la te vin sitèlman youn, jiskaske Pawòl la Limenm ap fè zèv Epou a. Amèn! Ou wè li? Yon inyon! Se fini kesyon: "Fè w manm legliz", se fini lè *sesi,* men kite tout

bagay e atache w a Jezikri. Ou wè? Se tan inyon an. Bondye, ap ini Lepouz Li ansanm, ap restore Li; jis egzakteman. Ap ini Pawòl pwomès Li yo.

93 De Tesalonisyen, chapit 2; li di, chapit 5 lan di: "Sen k ap dòmi yo nan pousyè tè a va reveye. E apre sa nou va ini avèk yo (sila yo ki vivan, ak sa yo ki mouri), va ini anvan menm ke nou monte al La," paske Lepouz va konplè lè L va rive La. Sila yo ki vivan, ki ap ini yo ak Pawòl la, e sa yo ki pati ale te deja fè sa; e tou Sa vin ansanm, pou fòme yon gwo inyon nan inite anvan yo monte ale La. Amèn!

94 Kominis dwe gaye teren, lòt bagay sa yo dwe gaye teren, e legliz dwe ini tèt li laba, lè sila yo . . . ak nasyon yo laba pou fòme Konsèy Mondyal Legliz yo; e Lepouz dwe ini Tèt li anba Pawòl Bondye a. Pou L kapab fè sa, Bondye te oblije voye siy Selès la ak lòt bagay, ki se prèv pou Legliz, jan L te fè l pou nasyon yo. Amèn.

95 Bondye; tan inyon! Wi, mesye. O, la la! Bon, nou sonje, kounye a, genyen yon inite Pawòl la (ki reyini ankò), yon restorasyon "Fwa ki te delivre yon fwa pou sen yo." Yon restorasyon! Ke sa te ka fèt sèlman nan tan sa a. Sèl moman sa te ka fèt se kounye a. Sa pat janm atake okenn lòt kote; yo te ale nan foli denominasyonèl yo. Men kounye a, pa gen zafè pou vin manm okenn foli denominasyonèl. Paske se lè pou inyon gason ak fanm tout ras, tout koulè, tout kredo, tout bagay anba Kris ak Batèm Sentespri a epi retounen a Pawòl la.

96 Tan inyon pou Legliz la! O, la la! Inyon chak Pawòl ki te epapiye toupatou pa òganizasyon sa yo: depi Nise, Wòm, lè yo te òganize premye legliz la, epi yo te òganize Luther, yo te òganize Wesley, yo te òganize tout lòt rès legliz yo. E pou fè sa, yo te oblije adopte yon kredo, e apre sa lè Bondye te voye yon lòt bagay, yo pat kapab resevwa L. Se poutèt sa, sa pat posib jiska kounye a. E Bondye te pwomèt, nan dènye jou yo, ke "Fwa papa yo ta pral restore ankò pou Lepouz," ke se fason sa, e li pa t ap ka nan okenn lòt tan ke tan sa a. Gade yon siy ki te sot nan Syèl, tankou yon Kolòn Dife sispandi pami nou, e avèk siy ak pwodij Seyè Jezikri. E pandan L ap pale avè nou, Sa pa janm fayi pou tonbe dirèk. Amèn! Apre nou wè ki kote nou kanpe. Tan inyon an!

97 Nou wè nasyon k ap ini, nou wè lemond k ap ini, nou wè kominis k ap ini, nou wè legliz yo k ap ini; e nou wè Bondye k ap ini Tèt Li ak Lepouz Li, jiskaske Li ak Legliz vin menn bagay la. Alelouya! Tankou piramid lan la. Se vre! Y ap ini tèt yo ansanm; Bondye k ap ini! Poukisa? Jamè anvan sa, depi aj legliz primitif la, Kolòn Dife a te janm parèt pami moun yo. Jamè anvan, depi laj legliz primitif la, yo te janm wè bagay ke n ap wè jodi a. E sa te sèlman vin posib lè Bondye te voye Sèt So yo epi bannou yon siy avèk Sa. e Li te voye sèt Anj desann sot nan Syèl; ki te vini

pou restore Pawòl sa ki te epapiye nan denominasyon yo, e Li te relye l ankò nan Pawòl Bondye a, pou fè Sentespri Li desann.

98 Jezi di: "Si w rete nan Mwen e Pawòl Mwen nan ou, alò mande sa w vle, yo va ba ou l." L ap ini Lepouz ankò ak Pawòl la, ki se Bondye. Legliz ak Pawòl la, pa Legliz ak kredo. Legliz ak Pawòl la; Lepouz ak Pawòl la ki ini ansanm. O, la la! Ala yon . . . Restore ankò kisa? Fwa papa pannkotis orijinal yo, ou wè, ki te epapiye pa gwoup Luther a. Pa Luther limenm; pa Luther, pa Wesley, pa gran fondatè aa yo. Men apre yo fin ale, te gen yon legliz ki te parèt e yo . . . kisa yo te fè apre sa, yo te monte yon òganizasyon apati de sa. Yo te aksepte kredo elatriye, konsa yo te pati. E gade yo jodi a, bon yo te antre nan Konsèy Mondyal Legliz sa yo.

99 Bon, ou wè, men nan dènye jou yo, ou wè, nou wè bagay k ap rive kounye a ki pat janm rive anvan. Ou wè, se siy Bondye, e tout inyon sa yo se siy tan an. Bon, nou vle gade sa avèk prekosyon epi asire nou ke nou sezi l. Ap kite . . . yo te kite vrè Pawòl la pou denominasyon; pou aksepte kredo ak opinyon diferan moun olye yo pran Pawòl la.

100 Apokalips 10 di: "Mesaj setyèm anj lan." Kounye a sonje, se jis pandan Sèt Twonpèt yo, e gen sèt anj ki sonnen Sèt Twonpèt. Se a sa n ap abouti pwochenn fwa a. Men sonje kote, ak anpil presizyon Sa di: "Anj lan . . . " pa Twonpèt setyèm anj lan, men "Mesaj setyèm anj lan." Ou wè, pa anj Twonpèt la, men anj Mesaj la! Ou wè, anj lan te sèlman sonnen twonpèt la, setyèm anj sa, anj Twonpèt la Men sa a di: "Nan jou Mesaj setyèm anj lan," ou wè, lè Mesaj li a va fini. Ou wè, se Mesaj aj legliz la. Nan tan sa, alò li te ka . . . Mesaj la, pa Twonpèt la, e "mistè Bondye a (ki ekri nan Pawòl la) ta dwe akonpli."

101 Kounye a gade nan ki jou n ap viv! Gade So sa yo, kijan sa te rasanble Pawòl Bondye a ki t ap epapiye, konsènan Luther ak tout lòt rès yo, gran refòmatè sa yo ki te avanse; yo te retounen drèt e yo te montre li nan Bib la, kote yo t ap ye; chak òm drèt nan pozisyon l, sa l ta pral fè e sa k ta pral rive legliz; sa li ta pral fè, e sa k ta pral rive legliz; tout bagay sa yo li te mete de kote. E apre sa, nan dènye jou a, pandan nou pat konn anyen sou sa, yo te predi nou osijè yon sèten bagay ki t ap rive; e menm jounal ak bagay konsa te kapte l, e l te desann pou revele l epi lye mistè yo ansanm. Amèn! Frè, sa siblim pou mwen! Sa, aliye Pawòl la, pou mwen. Amèn! Pe enpòt sa—sa, oswa pe enpòt sa moun di, panse, se kòrèk, men pou mwen se Laverite.

102 Tankou maj yo, ki t ap desann sot Babilòn, yo t ap rele: "Kote Li, sila ki tou ne Wa pou Jwif yo? Li sou tè a, kounye a la. Nou dwe jwenn Li." Se vre. E mwen kwè Li si tèlman prè pou vini ke m ka di: "Men Li, Epou a ap vini! Mwen tande kri minwi an!" Amèn! Nou drèt nan tan lafen an. O, la la, tan n ap viv ladann lan. Remake. Ou wè?

103 Ala yon jou! Ala yon tan n ap viv, gran mistè Bondye sa ap akonpli; ap mennen Divinite a, ap montre kisa L ye; jan ti ism sa yo, e yo te fè yo devye epi yo fè de Li *si*, epi yon moun fè de Li *si*, epi yon lòt fè de Li *sa*. Men Anj Seyè a te desann e Li te devwale tout ism yo a, e L te fè sòti Verite sa ladan l, e L te prezante L. E men Ni, jis pafè otan Sa kapab, pa gen okenn lòt fason ou te ka ale. Men Ni, se sa ke Li ye. Ou wè, semans sèpan, tout—tout diferant bagay sa yo ki te si tèlman misterye pami moun yo. Ou wè? Kisa sa ye? Li te gen . . . Se siy pou kisa? Inyon!

104 Kisa L te di nan Malachi 4? Li ta pral restore! Restore ankò Fwa pannkotis orijinal la, ki retounen pou moun yo avèk menm Mesaj pannkotis la, men siy pannkotis la, menm evidans pannkotis la, menm Bondye a, menm Pwisans lan, menm ansèyman an, tout bagay egzakteman, avèk konfimasyon menm Kolòn Dife ki te frape Sòl sou wout la, wout Damas la li pami nou jodi a, ap fè menm bagay Li te fè nan jou sa. Ini!

105 Nou wè nasyon yo ap ini yo, nou wè mond lan ap ini l, nou wè legliz yo ap ini yo. Nou wè Lepouz ap ini, ap ini avèk Pawòl la. Poukisa? Pawòl la se Bondye. E kòm Pawòl la . . . Kòm Lepouz (ki se Pawòl la), e Lepouz (ki se potè Pawòl la), Yo vin ansanm nan yon Inyon.Yo ini tankou nan yon maryaj. Ou wè, Y ap prepare yo pou yon maryaj, e Yo—Yo vin Youn. Pawòl la vin oumenm, ou vin Pawòl la. Jezi di: "Nan jou sa nou va konnen. Tou sa Papa ye, Mwen se sa; e tou sa Mwen ye, nou se sa; e tou sa nou ye, Mwen se sa. Nan jou sa nou va konnen ke Mwen nan Papa a, Papa a nan Mwen, Mwen nan nou, e nou nan Mwen." Ou wè? Nan "jou sa." Ki jou? Jou jodi a! Nou jwenn gran mistè kache Bondye yo ap revele. O, ala renmen m renmen sa!

106 O, siveye kijan lasyans ak Pawòl la pat konparab, jan yo fè l jodi a. Yo pat ka fè sa anvan. Se sèlman kounye a yo ka fè sa.

107 Remake, Li te di: "siy nan syèl, siy nan syèl." Lasyans, ak siy nasyonal; kounye a yo gen yon gwo siy nan syèl la jodi a, yo gen astronòt ak tout bagay. Men kisa astonòt sa yo ye pou lemond, siy? Sa fè yo pè. Yo pa konnen ki lè yo ka voye yon bagay konsa pou jis lage bonm sa yo, e nou pa t ap egziste ankò. Ou wè? Bon sa se siy yo te genyen, bagay vizib ki bay laperèz nan syèl la. Ou wè? Yo genyen yo, misil atomik ak tout bagay, tout jan de siy.

108 Nou wè ki kote yo te siyen trete sa—sa, lòt jou, pou yo pat fè eksploze okenn bonm deyò a sou anlè, men yo pral anba dlo kounye ak anba tè, ap teste yo menm jan an. Ou wè? Yo siyen yon trete: "Nou p ap fè sa, si w di ou pa pral fè l (men nou pral tounen lakay e nou va fè l konsa; pandan ke nou konnen w ap fè menm bagay la laba)." Ou wè? Pa gen yon sèl bagay, se jis . . . pa gen konfyans pami yo, pa gen—pa gen anyen. Ou ka . . . Ou wè? E youn pè lòt. Sa se yon siy tèrib.

109 Lasyans e lòm ak nasyon yo te pwodwi yon siy tèrib nan syèl la. Se egzakteman vre. Bon, youn pè lòt. E te gen yon siy nan syèl

la ki te bay . . . Ou wè kounye a, yo gen yon siy nan syèl la tou, yon siy tèrib, yon nonm astronot; sa petèt genyen yon misil atomik, e yo kapab lage l pou detwi nasyon an an antye. Monte anwo a kòm yon astronot, epi rete la. Pa gen anyen ki anpeche yo fè l. Sèten yo kapab fè l, yo . . . nenpòt lè yo vle. Yo ka redwi l an pousyè si yo vle, men . . . nan kenz minit konsa. E sa youn ka fè, lòt la ka fè l fason sa, tou. Kifè, nou wè ke yo gen yon siy, men jan de siy sa fè yo pè.

110 Y ap ini ansanm, ap mete pwisans yo ansanm. Mond lib la, yo ap mete pwisans yo ansanm. Kominis ap mete pwisans yo ansanm avèk Larisi. Tout moun; men youn pè lòt. Ou wè, se yon siy tèrib. Se vre. Se siy pou nation an, ak lòt bagay.

111 Men Legliz resevwa yon siy Selès: yon Astronot! Amèn! Jezikri, sou fòm yon Kolòn Dife; Sa L te ye nan Ansyen Testaman an, sa L te ye lè L te rankontre Sòl sou chemen Damas la laba, menm Jezi a isit la jodi a! E kisa Sa fè? Èske Sa mennen krent? Sa mennen lanmou, yon inyon youn ak lòt. Amèn! Konpasyon youn pou lòt. Sa mennen Lanmou Bondye, o, ap ini nou epi mennen nou, Kò Kris la, nan inite tankou yon Epouz. Se sa k ap fèt kounye a, gran inyon sa ke Bondye . . .

112 Y ap ini tèt yo, yon gwoup *isit* la pou konbat lòt la, yon group pa *isit* la pou konbat lòt la. Men legliz ki kanpe antre yo; siveye sa k rive, li va ini avèk yo. Se egzakteman vre. Men, kounye a, nou jwenn ke sa fè pè epi rann ou fristre

113 Men Legliz, Lepouz, ini ak yon sèl Bondye, anba yon Espri, Lespri Bondye, nan yon Inyon sen ak Bondye, pou vin yon Epouz sen pou Bondye. Se vre, tout ansanm; inite Kò a. Kò a ap tann antan ke Epouz; antan—antan ke Li se Lepouz, jan nou rele tèt nou an Lepouz. Paske tan inyon Lepouz la, Legliz si tèlman ap vin ansanm. Sa ta dwe jis kreye yon lanmou pami nou, ke nou ta ka gen difikilte pou separe youn ak lòt. Se vre. Kan w jis, ou pa oblije ap sipliye moun pou yo priye, ou pa gen pou ap sipliye yo pou adore Bondye. ou pa oblije ap sipliye yo pou yo fè sa k kòrèk. Yo si tèlman damou L, ke pa gen anyen lòt.

114 Kisa w panse de yon tifi, yon vrè bèl ti demwazèl, ki pral marye yon trè bo jennòm ke li jis tèlman damou. sa vle di plis pou li ke pwòp vi pa l, e li konnen prese prese ke yo pral marye? Alò ke jou maryaj la ap apwoche, ti madanm sa, m ka di w, li vrèman "ap vire anwon" Ou wè? Li jis ap prepare tout bagay; li abandone l konplètman a limenm. Se vre. Tout sa ki fè l plèzi, se jis sa li vle fè. Ebyen, sa ta dwe konsa pou Legliz jodi a, ke vi nou ta dwe tèlman kache nan Bondye atravè Kris, sele la ak Sentespri a.

115 Bagay m ap anseye w la, se pou di w konsènan siy sa yo ak diferan bagay k ap rive yo, mwen pat gen tan pou fè l kounye a; sa va fèt nan yon lòt mesaj, si Seyè a vle. Men gen yon ti bagay kanmenm ki manke nan Legliz. E nou vle sa, pou antre nan sa,

e mwen jis sou pwen fè sa kounye a. Ou wè? Nou vle rive nan sa, si . . . ou dwe fè l. Si w pa fè l, se tou, ou dwe fè l. Paske gade, tan inyon an la, paske Bondye ap rasanble Legliz ansanm pou ale nan—nan Anlèvman pou ale nan nòs la pou Gran Inyon an: kote Bondye ak lòm va ini pou Letènite, kan kreyati tan va ini ak Etènèl la.

116 Sa te fèt yon fwa sou fòm Fis de lòm lan sou tè a. E Li te dwe bay Vi L pou L te ka mennen yon pwisans, pou ini lòt moun yo ak menm Pwisans sa, pou Lepouz Jezikri a. E kounye a Legliz ap ini Tèt li a Kò Kris la. Li libere Tèt li, separe ak tout ti nwizans, ap prepare Tèt li; ap rasanble ansanm, inyon pami yo; o, yon lanmou ak jwa, e Sentespri a ap bouje pami yo. O, la la, ala yon tan!

117 Pandan nou wè kana yo ap prepare yo, nou wè zwa yo ap prepare yo, nou wè bèt yo . . . abèy yo ap prepare yo, nou wè nyaj yo ap prepare yo pou lapli, nou wè tout bagay; kijan yo ini tèt yo ansanm, pou gwo evennman an. Nou wè Lig Nasyon yo, nasyon yo ansanm, ap ini tèt yo nan kominis. Nou wè yo ap ini tèt yo bò isit la nan Mond Oksidantal la. Nou wè legliz ap ini tèt li ansanm, tout lòt sa yo. Kifè li absoliman enposib, pa gen okenn lòt moman sa te ka konsa; li pa tap ka konsa ven lane pase, li pa tap ka konsa. Li pa tap ka konsa dis lane pase, sa te dwe konsa kounye a. Ou wè, paske tout ism sa yo ak bagay konsa potko rive nan plas sa.

118 Kounye a reveye w! Sekwe kò w, prese prese, e gade la kote nou rive! Ki kote nou ye? Tankou maj sa yo, nou drèt annòd ak Pawòl Li, e Limyè Seyè a ap briye sou chemen nou. Glwa pou Bondye ki Anwo nan Syèl la. E Glwa pou Bondye Ki bannou Jezikri, Ke nou renmen, epi Ki mennen nou kote sa a. E pandan nou . . . Nou se pèp Li, ki te rachte ak pri San Li.

119 O, la la! Kan tan inyon an rive, n ap gade, pandan n ap ini youn ak lòt ak kòd Sentespri Li, nou . . . Èske sa ka Espri Li? Sèten, Se Lespri Li. Poukisa se Sa? Se Pawòl Li, e Li se . . . sa se Lespri Pawòl la. E kan Espri Pwomès sa vin sou ou pou konfime epi montre Tèt li drèt la, èske Se menmm Lespri a? Se te Sila ki te avèk Moyiz nan dezè a! Se te Sila ki te sou Jezikri a! Li se Sila ki te rankontre Sòl sou wout li pou Damas! Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan! E Li ap fè menm bagay la!

120 E nou wè nasyon yo ansanm, nou wè tèt legliz yo ansanm, nou wè kominis ansanm, nou wè tout ism yo ap ini, nou wè tout bagay sa yo, epi kounye a nou wè Lepouz ap ini avèk Pawòl la. O, la la! Se moman ke sen yo pral resisite pou ini ak sa yo ki vivan, pou al ini avèk Jezikri pou Letènite.

121 Ke Bondye ede nou, nou chak, pou ini nou ak Kris aswè a, nou va abandone tout sa nou ye, tout sa nou genyen, tout nanm nou, kò, ak panse nou, bay Jezikri, epi ap chache moman inite sa.

Lè twonpèt Bondye a va sonnen, e pa pral gen tan ankò,
Epi matine a vin Etènèl, ap briye, epi agreyab;
Lè mò an Kris yo va resisite pou rasanble la sou lòt bò rivaj la laba (ak Lepouz ki vivan an), pou yo anlve ansanm.

122 Gade inyon an! Bondye k ap ini Legliz ak Pawòl Li, Pawòl la ak Legliz, pou ke yo toulède vin menm lan, "Di *sesi*, e sa va rive. Fè *sesi*, e sa va rive. Se fini; se Mwen ki devan w la, se Mwen k ap pwouve sa; se Mwen ki avèk ou.Dakò.

123 Nou jwenn kounye a ke tan an rive kote Twonpèt la sonnen, e sen sa yo k ap dòmi laba, yo pa ka atenn pèfeksyon san nou; yo depann de nou (Ebre 11); e lè yo va rasanble ansanm, yo va ini avèk sila yo ki vivan. Legliz ap ini ak Pawòl la, apre sa Legliz ak Pawòl la ap ini ansanm, piske yo vin youn. Sen k ap dòmi yo ak sen vivan yo ap ini ansanm pou vin youn; e yo tout prale ansanm pou ini yo avèk Kris laba, pou Soupe Nòs Ayo a.

124 Se tan pou inyon, e siy yo afiche toupatou. Siy yo nan nasyon yo, siy yo nan kominis, siy yo nan Mond Oksidantal la, siy yo nan Konsil Legliz yo. E Siy lan isit la aswè a nan fonksyon Sentespri a, e Pawòl Bondye a ap konfime l epi etabli l pou Verite. Amèn! Tan Inyon! Siy pou Tan Inyon an!

Annou bese tèt nou.

125 Seyè Jezi, pandan pov kè mwen an ap sote avèk jwa, pandan m wè posibilite pou mwen, yon nonm aj mwayen, men poutan, posibilite pou m ap wè W vini nan jenerasyon sa; pou ret vivan e kanpe isi a, epi wè lè Twonpèt sa va sonnen, "Ke sila ki souye a, rete toujou souye. Ke sila ki jis la, rete toujou jis. Ke sila ki sen an, rete toujou sen." O Seyè Bondye!

126 E pou ap panse ke nou menm ki kanpe la, nan yon moman, anvan w bat je w, kan mond lan p ap konnen sa k ap pase, men brip sou kou, ou pral wè parèt devan w, byenneme w yo ki te pati ale, ki vini pou ini yo avèk ou ankò. E nou va chanje nan yon moman, anvan w bat je w; pou nou anlve, ansanm, al rankontre Seyè nou an an lè a. E apre sa pou ini avè L, pou rete la pou tout tan, pou pa janm soti nan Prezans Li ankò.

127 Ala yon gwo bagay sa ye jodi a, Seyè, pou konnen ke nou ini kounye a avèk yon Espri. Yon Espri, Sentespri a, ki gen Pawòl la sou kontwòl Li, vini nan nou. Epi ala yon gwo bagay sa ye, ala yon privilèj pou kase kòd separe ak tout mond lan, pou ini nou noumenm ak Jezikri. E pou panse ke yon jou, nan yon fòm fizik, avèk yon kò tankou Pwòp kò glorifye Li a, nou va chita bò tab la nan Soupe Nòs la epi ini la epi marye avè L; pou viv antan ke Epouz ak Epou atravè tout tan k ap vini yo, atravè yon Etènite san fen.

128 Seyè Bondye, ke sa pa jis yon panse lejand pou moun yo, men ke sa vin yon tèl reyalite jiskaske grangou ak swaf sa va tabli nan

moun yo ke yo va . . . antan y ap li jounal yo, ap voye je sou . . . ap tande radyo ak nouvèl, epi ap wè ke se tan inyon an. Siy yo ap kliyote.

129 Seyè Bondye, menm jan nou te pale de fanm sa yo, de sa yo ta pral fè nan dènye jou yo; sa legliz ta pral fè nan dènye jou yo; e sa Aj Legliz yo ta pral ye, e sa So yo ta pral ye, tout lòt bagay sa yo. E nou wè kijan l te ye, nan tan Noye a. Nou wè kijan l te ye, nan tan Sodòm ak Lòt, lè Anj Bondye a te revele Tèt li nan yon chè imen, ki te manje vyann epi bwè lèt bèf, epi manje pen; e ki te kanpe la epi te ka di sa k t ap pase dèyè do L. E Jezi te di ke menm bagay la va rive lè Fis de Lòm lan ap vini.

130 Seyè Bondye, nou te wè piramid lan, kijan nou te bati l la, e kijan nou te ajoute bagay sa yo sou li; e nou dekouvri ke nou rive nan tan lafen an, ap tann Pyè Angilè Prensipal la. Glwa pou Bondye! Nou priye, Papa, ke W va reveye moun yo, rapidman kounye a, epi rasanble nou ansanm, avèk lanmou diven ak respè pou Jezikri epi youn pou lòt.

131 Si gen kèk isi a aswè a ki pa gen esperans sa ki repoze anndan yo, èske w vle leve men w bay Bondye pou w di: "Seyè Bondye, ini m avèk Ou, ini m avèk Ou"? Bondye beni w, frè. Bondye beni w, epi ou menm, ou menm; wi. "Ini m avèk Ou, Seyè." Wi! O, la la!

Nasyon yo ap demantibile, Izrayèl ap reveye l,

132 Gade Izrayèl laba, ki ini ansanm. Izrayèl, te soti nan tout mond lan, te vini pou ini tèt yo; pou ini tèt yo epi kounye a yo se yon nasyon. Yo se yon nasyon ini: avèk pwòp drapo yo, pwòp lajan yo, pwòp lame yo, tout bagay; si yo pat janm egziste, kounye a yo la. Izrayèl ini, Wòm ini, legliz ini. E Lepouz ap ini, amèn; e men Gran Inyon an k ap vini. Kisa sa ye? Tou sa ap dirije l bò kot Siy sa, Siy kapital prensipal sa, Jezi ak Epouz Li k ap ini pou fè youn.

133 Bondye Papa, akòde benediksyon sa yo ke m mande pou moun sa yo, e ke nou kapab ini avèk Ou ak tout kè nou e an espri, antan y ap leve men yo, ak dezi sa. Seyè Bondye, netwaye nou e fè nou vin pou Ou; akòde l, Seyè. Se tout sa nou konnen e nou ka fè, se mande. E apre sa Ou te di si nou te mande l epi kwè l, nou ta dwe resevwa l; M ap tann li, Seyè. Mwen remèsye W nan Non Jezikri. Amèn.

Mwen renmen L, Mwen renmen L,
Paske Li te renmen m an premye,
E Li te achte sali mwen
Sou bwa Kalvè.

Amèn. O, la la!

Men ni, Epou a k ap vini!
Mwen tande kri minwi an!

Nou va monte ale ak yon kri, si nou tout nou akwoche nou,
Pou rankontre Li nan syèl la.

Veye e priye, frè mwen,
Pou pèsonn pa pran kouwòn ou an,
Paske sila ki tyèd la, epi retwograd la
P ap pote abi nòs la.

134 Se vre. Annou prepare nou pou kri minwi sa. L ap rive nan yon moman ke w pa panse. Va gen yon kri, pa pami mond enkwayan an; sa va yon sekrè. Men kwayan yo, ki ap siveye sa: Nou wè etwal yo k ap aliye yo la? Ou wè? Kisa sa te pwodwi? Jis egzakteman menm jan sa te fèt premye fwa a. Ou wè, men ni, siy yo ap vini.

Nou wè siy aparisyon Vini beni Li an,
Men ni, fèy figye a ki ap vin vèt kounye a;
Levanjil Wayòm lan te al nan tout nasyon;
E nou pwòch, ou ka wè fen an.

Apre sa ak kè kontan, byen lwen, nou va pwoklame Mesaj aparisyon beni Li a,

135 Èske se vre? O, pwoklame Mesaj aparisyon beni Li a! Se sa nou dwe fè. Di tout moun: "Prepare yo, prepare w pou rankontre Bondye." Amèn! Mwen renmen Li. O, ala mwen renmen L. Bon, annou leve kanpe sou pye nou kounye a. Pandan n ap salye youn lòt, vire pou w bay yon moun lanmen, epi di:

Jiskaske nou va rankontre!

Bay lanmen, kounye a.

. . . jiskaske nou va rankontre!
Jiskaske nou va rankontre nan pye Jezi;
Jiskaske nou . . .

Sonje, ou ka resevwa yon apèl. Pwochen rankont nou kapab fèt nan pye L.

O, ke Bondye avèk ou jiskaske nou va rankontre ankò!

136 Bon, jis panse, anvan nou rankontre ankò; anvan nou rankontre dimanch maten, oswa mèkredi swa, se kapab sa . . . premye bagay ou konnen, gen yon moun ki pa la. Sila pa la, e li pati. O, panse a mari w ki pa la, oswa madanm ou ki pa la, e—e madan Jan ki pa la, e—e—e laba timoun yo pa la. Tout sa te rive (sa k te rive?), apre ou te ret dèyè!

O se pa tikras kriye ak rele
lè yo va bay sa yo ki pèdi santans yo,
Yo va rele bay wòch ak montay yo, (Tankou Izrayèl, ki t ap retounen nan vil la, pou al nan tanp lan.)
Yo te priye men priyè yo a te rive twò ta. (Yo te rejte Mesaj la.)

137 O, frè, pa janm fè sa. Kèlkeswa sa w fè, rete fèm ak koz la! Wi, mesye!

138 Kounye a, jiskaske nou va rankontre, nou va fè bagay sa:

Pran Non Jezi avèk ou,
Kòm yon boukliye pou tout tèt chaje;
Kan tantasyon va antoure w, (Kisa w fè?)
Respire Non sen sa nan lapriyè.

Non presye, O ala dous!
Espwa tè a epi jwa Syèl la;
Presye Non, O ala dous!
Espwa tè a epi jwa Syèl la.

139 Annou bese tèt nou kounye a, pandan n ap fredone:

Koube tèt nan Non Jezi,
Tonbe sou jenou nan pye L,
Wa dè wa nan Syèl . . . kouwone L,
Lè pelerinaj nou va fini. (Sa va rive, yon jou.)

O Non presye, (Non presye!) O ala dous!

Jiskaske nou va rankontre ankò, ke Bondye rete avè w.

Espwa tè a epi jwa Syèl la;
Non presye, O ala dous! (Ala dous!)
Espwa tè a epi jwa Syèl la.

Tan Ak Siy Inyon An CRE63-0818
(The Uniting Time And Sign)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch swa, 18 out, 1963, nan Branham Tabènak, ki nan Jeffersonville, Indiana, Etazini, yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatêt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfèmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org